CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #९९

२४ ।११ ।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## नेपालमे कोभिड - १९ विरुद्धके खोपके व्यवस्थापन केना भऽरहल छै ?

भारत सरकारद्वारा कमोडिटी ग्रान्ट मार्फत प्राप्त खोप **१० लाख मात्रा**

नेपाल सरकारद्वारा किनलगेल कोभिशिल्ड खोप **२० लाख मात्रा**

नेपाल सरकारद्वारा किनके तैयारीमे रहल खोप **५० लाख मात्रा**

कोभ्याक्स संयन्त्रद्वारा विभिन्न चरणमे प्राप्त होबवला **१ करोड ३० लाख मात्रा** (ओईमे **३ लाख ४८ हजार मात्रा** नेपाल प्राप्त कऽलचुकल अछि )




स्रोतः डा. समिर कुमार अधिकारी, सहायक प्रवक्ता, स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय

## नेपाल अपडेट



घर बनाबके काममे सहयोग करैत युवती

चित्रः आयुश यगोल श्रेष्ठ

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षणः २१,९७,२३५

पोजेटिभः २,७४,८१०

उपचाररतः ८७२

मृत्यु : ३,०११

सन्चो भएका : २,७०,९२७






Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



कोरोनाके खोप लगेने आदमीसभके बहुतो तरहके असरसभ देखाईत छै कहिक सुनलजाईत छै, तै सँ हम अपन अपन पालो आएत त खोप लगाएब कि नै से सोच नै सकल छी ।

अखन पहिल चरणमे खोप लगेने ४,२९,७०५ कोई मे सँ १,९११ कोईके सामान्य प्रकारके असरसभ देखाएल स्वास्थ्य मन्त्रालयके तथ्यांक देखेने छै । जाहि अनुसार सुईया लगेने भागमे दुखेनाई, फुलनाई, गाँठ परनाई, माथ दुखेनाई, देह दुखेनाई, जोडसभ दुखेनाई, सर्दि लगालापर (फ्लु) जेहन लक्षण देखेनाई, मध्यम बोखार एनाई, उल्टी हेतै जेना लगनाई आ उल्टी भेनाई जेहन लक्षणसभ देखाएल छै । तहिना कलक ९ कोईके उच्च बोखार अबितो अखन सबके अवस्था सामान्य रहल सेहो मन्त्रालय जनौलक अछि । ई तथ्यांक सँ सेहो खोप सुरक्षित छै कहिक देखाबैत छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/8zuvjzi



दोसर चरणमे ५५ वर्ष सँ उपरके सब आदमीके खोप लगाब कहने छलै लेकिन, अखन फेर ६५ वर्ष उपरके मात्रे लगेतै कहादन ?

मापदण्ड अनुसार दोसर चरणमे ५५ वर्ष उपरके आदमीके खोप लगाएब कहलाके बावजुद अखन नेपाल सरकारलग रहल खोपके उपलब्धताके आधारमे अखन ६५ वर्ष उपरके सब आदमीके खोप लगेतै आ बाँकीके खोप उपलब्ध भेलाके बाद लगाबैत जायके योजना सरकार बनेने छै । लेकिन, हिमालीभागके आ एक बेर आबिक फेर गेलापर समय लागवला जगहपर ५५ वर्ष सँ उपरके सब आदमीके अखने खोप लगाब कहने छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/8zuvjzi



आब मलेसियामे काम करवला नेपाली श्रमिक दुर्घटनामे परलापर सरकार क्षतिपूर्ति देतै कहादन ।

नेपाली श्रमिक मलेसियाके वैदेशिक श्रमिकके लेल रोजगारीमे क्षति (SOCSO) नामके योजनामे सहभागि भेलाके बाद तेहन सुविधा भेटैत छै । जै अन्तरगत, श्रमिकके कार्यस्थलमे होबवला दूर्घटना या कार्यस्थलके कारण कोनो रोग लगलापर क्षतिपूर्ति प्राप्त हेतै । अई योजना अनुसार होबवला लाभके स्वास्थ्य लाभ, अस्थायी असक्षमता लाभ, आश्रित लाभ, निरन्तर उपस्थिती भत्ता, अन्त्योष्ठि खर्च आ पुनर्स्थापना सुबिधा कलक वर्गिकरण कएलगेल छै । श्रमिकके परिवारजनके प्राप्त होवला लाभसभके लेल SOCSO अखन परिवारके जानकारी अद्यावधिक कलरहल छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/SzpDMSt



सरकारद्वारा नेपाली कामदार टर्की जाय नै पाओत कहने छै ?

सरकारद्वारा नेपाली कामदार टर्की जाय नै पाओत कहने नै छै । टर्की स्थीत ईलिट टुरिज्म ईन्भेष्टमेन्ट ईन्क कम्पनीमे कामदार लऽ जेनाई आ ओत पहुचलाके बाद काम तथा सेवा सुविधा नै दऽ ठगने उजुरी परलाके बाद वैदेशिक रोजगार विभाग ओत जायवला कामदारके बढिया सँ बुझिक मात्रे जायके लेल कहिक सबके लेल सूचना जारी केने छै ।

स्रोत: https://dofe.gov.np/DetailPage.aspx/id/175/lan/ne-NP

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे **+2760806146** एड करु

२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे **Nepal** लिखक म्यासेज पठाउ




**COVID-19**

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ **३२१००** मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ३,७९,८३१ संक्रमित | २,००,५७२ संक्रमित | १२६,६०२ संक्रमित | १,६६,९४९ संक्रमित | ४,१०,८४९ संक्रमित | १,४१,४९६ संक्रमित | ३१४,९८९ संक्रमित | ९२,८१७ संक्रमित |
| ५,८०० नेपाली संक्रमित | २,३५० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २८,२५० नेपाली संक्रमित | ५,३५० नेपाली संक्रमित | ३०० नेपाली संक्रमित | २१०० नेपाली संक्रमित | २९ नेपाली संक्रमित |
| ८८ मृत्यु भएका नेपाली | १२ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १८ मृत्यु भएका नेपाली | ३९ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

Shramik Sanjal

## यूएई आ कुवेतके नयाँ नियमसभ

**कुवेत:**

- मार्च २०२० सँ १ महिनातक साँझके ५ बजे सँ भोरके ५ बजेतक निषेधाज्ञा लगाएल गेल छै । निषेधाज्ञाके नियम पालना नै केलापर देश निकाला समेत कएल जासकैय । ५ क्षेत्रमे काम करवला आदमी मात्रे निषेधाज्ञामे पास पाओत । गलत विवरण पेश कलक पास लेलापर ६ महिना जेल या ५ हजार कुबेती दिनार तक जरिवाना होब सकै छै ।
- सिभिल आउडी सेवा ९एब्ऋक्ष० केन्द्रके समय तालिका परिवर्तन : कुवेती नागरिकके भोर ९ बजे सँ दुपहर १ बजे तक, आप्रवासीके दिनके १ वजे सँ ४ बजेतक ।
- कुवेतमे भिसा (स्पोन्सर) परिवर्तन सम्बन्धी नयाँ नियम आएल छै ।
- आप्रवासीसभके दोसर निणर्य नै भेलातक प्रवेश निषेध कएलगेल छै ।

**यूएई:**

- रास अल खैमामे विवाह पार्टी करके लेल बनाएलगेल हलसभ अप्रिल ८ तकके लेल बन्द कएल जेतै । सभा सम्मेलन कर नै पाएब।
- अबु धाबीमे ३० प्रतिशत क्षमताके साथ सिनेमा हलसभ फेर शुरु कएलगेल छै ।
- दुबई नगरपालिकासँ ४ टा ईंटेरिज सेक्सनसभ बन्द केने छै ।
- अज्मानमे वृद्ध आ अशक्त तथा दिर्घरोग भेलसभके नि:शुल्क पिसिआर परिक्षणके घरमे सेवा शुरु केने छै ।

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

कोरोना संक्रमण रोकथाम, नियन्त्रण आ ईलाजमे भेल
खर्चके ताजा अद्यावधिक (२०७७ पुष अन्त्य तक)

**संघिय सरकार**

रु. ८ अर्ब ५९ करोड ९८ लाख

**प्रदेश सरकार**

रु. २ अर्ब ९२ करोड ३ लाख

**स्थानीय सरकार**

रु. ८ अर्ब १० करोड ६७ लाख

**दोहोरो खर्च**

रु १ अर्ब ४९ करोड ७० लाख

**दोहरा खर्च कटाक होबवला जम्मा खच**

**रु. १८ अर्ब १२ करोड ९८ लाख**

स्रोत: https://cutt.ly/4lfYbPi

# सरकार स्वदेशेमे रोजगारी देववला योजनासभ मात्रे चर्चाके लेल अछि जेना लगैत अछि




कोहलपुर नगरपालिका वडा नम्बर ८ के रत्न बस्नेतके आर्थिक अवस्था कमजोर छलै । अपनालग भेल जमिनमे खेती किसानी सँ मात्रे परिवार पाल कठिनाई भेलै । १० कक्षा तक मात्रे पढने बस्नेतके नेपालमे रोजगारीके अवसर नै देखलापर ६ महिना सीप विकास कार्यालय सँ प्लम्बरके ज्ञान सिखलैथ । परिवारके दयनिय आर्थिक अवस्थाके सुधारके लेल कामके खोजीमे साउदी अरब पहुचल । विदेशमे ऊ परिश्रम कलक काम केलैथ । ऊ साउदी आर्सीरोडर नामक कम्पनीमे काम करैत छलाह । शुरुमे भाषा नैबुझीक दु:ख सेहो पेलाह ।

मेहनत करैत परिवारके लेल खुशी जुटाव वैदेशिक रोजगारी चुनने बस्नेत साउदी अरबमे १० वर्ष वितेलक । हुनका ओत काम केलापर अपन मेहनतके फल सेहो बढिए भेटलै । विदेशमे पसिना बहाबैतकाल हुनका अकेलापन लेकिन महसुस होईछलै । अपन देश, परिवार, अपन जन्म भूमीके ममता लगैत छलै । विदेशमे बढिया आम्दनी होईतो ऊ अपन परिवारसंगे रह चाहैत छलाह । तै सँ, परिवार संगे रहिक अपन व्यवसाय करब से सोचीक ऊ अपने कार्यरत कम्पनीमे राजीनामा देलाह । पहिले आर्थिक अवस्था कमजोर भेला सँ वास्ता नै करवला साथीभाई, ईष्टमित्रसभके सेहो विदेश सँ किछ कमालक फिर्ता एलापर बढिया नजर सँ देश लागल । हुनकासंगे दुखसुखके बात करलागल । वैदेशिक रोजगारी सँ फिर्ता एलाके बाद उ अपने जगहपर व्यापार कर लगलाह । आम्दनी सेहो बढिया होईत गेलै ।

४ वर्ष सँ करैत आबिरहल व्यापारमे कोभिड - १९ सँ लेकिन नै बढिया सँ असर केलकै । सहयोग भेटत कि कहिक पालिका आ वडा कार्यालयमे सेहो दौडधुप केलक, लेकिन हुनकर बात कोई नै सुनलक । हुनका आब ओहुनाहु आब वैदेशिक रोजगारीमे जायके मन नै छै । लेकिन, कठिनाई परलापर सरकारद्वारा वैदेशिक रोजगारीसँ फिर्ता आएल आदमीके स्वदेशमे रोजगारी उत्पन्न करवला योजनासभ मात्रे चर्चा परिचर्चाके लेल मात्रे छै जेना लगैय ।

# रेडियो कार्यक्रम पद्धती



## रेडियो कार्यक्रम पद्धती

### संरचना सबैका लागि

प्रसारणको रेकर्ड तपाई YouTube र Soundcloud मा पनि सुन्न सक्नु हुन्छ

Civic Action Teams

https://soundcloud.com/accountability_lab

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।



**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs